



Chè fanmi:

Nou espere ou pote w byen epi nou apresye fleksibilite ou toujou montre pandan n ap reponn pwoblèm kalite lè a

Pou lekòl k ap sevi 3K, Pre-K, K-5, 6-8, K-12, ak D75:

Jan yo te planifye deja, demen se yon Jounen Klerikal epi se yon jou kote regilyèman pa gen lekol pou elèv ki nan lekòl sa yo.

Pou lekòl k ap sèvi klas 9-12 ak 6-12 nan Distri 1-32 ak 79:

Elèv nan lekòl sa yo **te pwograme pou yo ale lekòl anpèsòn nan dat 9 jen; n ap pase nan enstriksyon adistans pito.**

Lekòl yo te bay elèv yo aparèy pou yo itilize pou ansèyman adistans. Si w gen nenpòt kesyon oswa enkyetid, tanpri kontakte pwofesè oswa direktè pitit ou a.

Fanmi ki gen timoun nan pwogram timoun piti ki afilye avèk NYCPS yo pral resevwa konsèy nan men Divizyon Edikasyon pou Debitan ak founisè endividiyèl yo.

Pandan ke konsèy sante sou Sante Kalite lè a rete anvigè, tout Nouyòkè ta dwe limite aktivite y ap fè deyò epi rete andedan lè sa posib. Enfòmasyon sou kalite lè a disponib la a:

https://www.dec.ny.gov/cfmx/extapps/aqi/aqi_forecast.cfm

Nou kontinye kolabore ak ajans repons ak ajans sante vil la sou sitiyasyon kalite lè a epi n ap bay mizajou jan sa nesesè.